



## **Yon Mesaj pou Paran, Gadyen ak Fanmi yo sou The Story of Me (Istwa Pa m) Defi nan Aprantisaj Pandan Ete a**

Lang nou, kilti nou ak kominate nou an ap ede nou devlope konpreyansyon nou sou mond lan ak sou tèt nou. Yo ede nou bay mond lan yon sans epi yo se yon resi eleman konstriktif ki kontribye nan idantite nou. Lè ou bileng e ou bikiltirèl, se tankou w te gen yon pisans, e lang nou, kilti nou ak kominate nou yo merite nou selebre yo! Li pa janm twò bonè pou aprann sou pwòp lang nou, kilti nou ak kominate nou ak pa lòt moun. Ete sa a, Depatman Edikasyon Eta Connecticut (CSDE) te kreye defi sa a pou ede elèv yo aprann plis sou tèt yo ak moun ki bò kote yo a.

The Story of Me Challenge gen ladan I yon seri aktivite pou elèv nenpòt laj pou mennen ankèt sou lang yo, kilti yo ak kominate yo a. Pou konplete defi a, yon elèv ta dwe chwazi omwen yon aktivite nan **chak kolòn**, kidonk li pral konplete omwen yon aktivite nan kolòn 'Langaj', yon aktivite nan kolòn 'Kilti' ak yon aktivite nan kolòn 'Kominate'. **Annapre, elèv la ap chwazi yon pwojè afich, yon reprezantasyon atistik, oswa yon powèm, yon istwa oswa yon redaksyon pou rakonte aktivite li te fè yo.** Sa se yon eksperyans aprantisaj amizan e rich pou timoun yo ak yon opòtinite pou elèv yo aprann plis sou tèt yo, fanmi yo ak kominate yo a. Mèsi pou sipò w ap bay pitit ou a tank I ap dekouvri pisans li!

### **Konsèy pou paran, gadyen ak fanmi yo:**

- Ankouraje pitit ou a patisce nan The Story of Me Challenge.
- Ede pitit ou a aprann sou kilti li, lang natifnatal li oswa eritaj li ak sou kominate li a.
- Fè pitit ou a sonje ki avantaj li genyen pou li bileng oswa pale plizyè lang. Si pitit ou a pale sèlman yon lang, ankouraje I pou I aprann yon lòt lang!
- Ede pitit ou a aprann sou kilti li, lang li ak sou kominate li a lè w ede I nan The Story of Me Challenge.

**Mèsi paske w ap sipòte eksperyans aprantisaj ete amizan e anrisichan sa a!**